
KUDUDZIRA ZVINYORWA ZVECHIPOROFITA



Chidzidzo 8 cha Mbudzi 21, 2026

"Ipapo akataŋga kunaMosesi navaprofita vose, akavadʻudzira zakanyorwa pamsoro pake muMagwaro ose"

(Ruka 24:27)



Munzira yekuEmausi, Jesu akadzidzisa vadzidzi vake vaviri zvinyorwa zveBhaibheri. Hatizivi zvose zvakataurwa, asi tinoziva nzira yaakashandisa kupa dzidziso ine simba yakaita kuti mwoyo yevadzidzi vake ipfute nekupisa.



Ndeipi nzira yakanakisisa yekudzidza Magwaro nekugovana shoko rawo?

Muchidzidzo chino, tichaongorora nzira dzinoverengeka dzinobatsira pakudzidza Bhaibheri, idzo dzichatigonesa kugovana shoko raro nenzira yechokwadi uye inoshanda.



- Kududzira Bhaibheri uchishandisa Bhaibheri
- Mamiriro ezvinhu maererano nenhoroondo
- Mamiriro etsika
- Mamiriro ezvinyorwa
- Tsvaga zvinoreva chinyorwa chacho
- Kudzidza Bhaibheri maererano nedingindira

KUDUDZIRA BHAIBHERI UCHISHANDISA BHAIBHERI


"Nokuti zinongoti cirevo pamsoro pecirevo, cirevo pamsoro pecirevo, murairo pamsoro pomurairo, murairo pamsoro pomurairo, apa zishoma, napapo zishoma" (Isaya 28:10)

Bhaibheri ndiro muturikiri waro akanakisisa.



Rinozvitsanangura muzvinyorwa zvaro

- Somuenzaniso, Danieri anotsanangura zvinorehwa nechiono chake nokutaura kuti mhuka dzaakaona ndidzo humambo(Dan. 7:3, 17)




Mumwe muporofita anogona kutsanangura

- Ezra akatsanangura zvaireva makore 70 echiporofita chaJeremiya (Jer. 25:11-12; 2Mako. 36:22-23)



Testamente Itsva inoturikira Testamente Yekare

- Mateo akatsanangura kuberekwa kwaJesu sekuzadziswa kwechiporofita chaIsaya (Isaya 7:14; Mateo 1:22-23)




KUDUDZIRA BHAIBHERI
UCHISHANDISA BHAIBHERI

Jesu haana kungotsanangura Testamente Yekare chete, asi akapa zvazvinoreva zvechokwadi, achipfuura kureva kwemashoko acho sezvaari.



TESTAMENTE YAKARE	MAKANZWA KUTI ʒAKANZI...	TESTAMENTE ITSVA	ASI INI NDINOTI KWAMURI...
Ekisodho 20:13	Usaʋuraya	Mateo 5:21-22	Usatsamwa kana kutuka munhu chero upi zvake
Ekisodho 20:14	Usaita ʋupombge	Mateo 5:27-28	Usatarisa mukadzi nechido chepabonde
Deuteronomio 24:1	Ipa mukadzi rugwaro rwokumuramba	Mateo 5:31-32	Kurambana kunogoneka chete kana paine nyaya yeupombwe
Revitiko 19:12	Usapika nhema	Mateo 5:33-34	Usapika nhemae
Revitiko 24:20	Ziso neziso	Mateo 5:38-39	Musadziʋisa wakaipa
Revitiko 19:18	Ida wokwako	Mateo 5:43-44	Idai ʋaʋeŋgi ʋenyu



MAMIRIRO EZVINHU MAERERANO NENHOROONDO

"Hapaŋgazoʋi'po rushiye runamazuʋa mashoma, kana mutana usino-kuʂitsa mazuʋa ake; nokuti mŋana ucafa apedza makore anezana, nomutadzi ucarobga nokutukwa kana aʂika makore anezana." (Isaya 65:20)

Vana vachafa here, uye pachava nevatadzi here panyika itsva? (Isaya 65:17-20)

Kana huchitariswa maererano nehuprofita hune chekuita nekuguma kwenyika huri muTestamende Itsva, huporofita hwalsaya haungori hunokatyamadza chete, asi hunoratidzikawo sekunopesana (Zva. 21:1-4).

Tinofanira kunzwisisa kuti mamiriro ezvinhu panguva yakanyorwa bhuku ralsaya akasiyana neaya aivepo panguva yakanyorwa bhuku raZvakazarurwa. Isaya akataura nezveramangwana ralsiraeri panguva iyo yaizogamuchira Mesiya. Asi panguva yaJohani, Isiraeri yakanga yaramba Mesiya. Mamiriro ezvinhu akanga ashanduka.

Dai valsraeri vakagamuchira Mesiya, pakadai kuva neshanduko huru: rudzikunuro nekushandurwa kwePasi nevanhu zvingadai zvakatanga zvishoma nezvishoma. Vanhu vatsvene vaizorarama kwenguva refu semiti (Isaya 65:22), uye mhuka dzaizodzikisa hasha dzadzo munyika tsvene(Isaya 65:25).



Zvadaro, pakupedzisira, vakafa vachamutswa uye rufu ruchabviswa zvachose (Isa. 26:19; 25:8). Chikamu chekupedzisira ichi chete cheuprofita hwalsaya ndicho chichazadziswa sezvachakanyorwa, sezvo chisingatsamiri pasarudzo yelsiraeri.

MAMIRIRO ETSIKA

"Hama dzose dzinokukwazisai. Kwazisanai nokuṣeta kutṣene."(1 VaKorinte 16:20)

Muhumambo hweRoma, somunzvimbo dzakawanda nhasi, kukwazisana nokutsvoda padama kwakanga kwakajairika. Mumamiriro ezvinhu etsika iyoyo, zano raPauro rakanga rakanaka (1 VaKo. 16:20).





Zvisinei, mutsika dzekuJapan—semuenzaniso—kubatana kwemuviri pachena hakusi tsika inogamuchirwa, saka zvinowanzoshamisa vanhu, zvichionekwa sechinhu chisina kujairika kana kusagadzikana kune vazhinji.



Anglo-Saxon greeting



Thai greeting



Tibetan greeting



New Zealand greeting


Tichifunga kuti, mumamiriro etsika iwayo, kutevedzera zano raPauro kuchaita kuti munhu arambwe nevamwe, tinofanira kushandisa zano rake nenzira inoenderana nemamiriro avo chaiwo.



Kunyangwe tiri kuJapan, kana kumwe pasi rose, ngatikwazisananei nenzira yakakodzera maererano netsika dzedu, tichiratidza kudaro rudo rwedu rwehama.

MAMIRIRO EZVINYORWA

«akati kwaari, "Kana uri Mŋanakomana waMŋari, uziwisire pasi; nokuti kwakanyorwa kucinzi: 'Iye ucaraira vatumŋa vake pamsoro pako,' uye, 'Pamavoko avo vacakusimudza,
Kuti urege kugumbusa rutsoka rwako pabge.' "» (Mateo 4:6)




Chirevo chakakurumbira chinoti "a text without context is a pretext." Nemamwe mashoko, kushandisa chinyorwa chiri choga kunogona kutungamira kududzirwa kwakasarudzika kunoenderana nezvatinoda uye kazhinji kure nedzidziso yeBhaibheri chaiyo.

Chii chinonzi mamiriro ezvinhu(context) emavhesi eBhaibheri?



Mamiriro ezvinhu ari pedyo(immediate context) anosanganisira ndima dziri pamberi nepashure pechinyorwa chacho. Mamiriro ezvinhu akakura zvishoma(broader context) anobatanidza chitsauko chine chinyorwa ichocho. Tinogona kuwedzera kunzwisisa mamiriro ezvinhu acho nekutarisa bhuku rose racho rine chinyorwa chacho.




Pisarema 91:11-12 inotaura nezvedziviriro yaMwari pangozi dzokunze. Achibvisa muchirevo chechinyorwa(out of context) uye achinokora mashoko zvisina kukwana, Satani akaedza kuita kuti Jesu azviise mungozi namaune nokushandisa chinyorwa ichi sekunyepedzera(pretext) (Mateo 4:6).


“Kuti vatsigire dzidziso dzenhema kana tsika dzisiri dzechiKristu, vamwe vanotora ndima dzeMagwaro vachidziparadzanisa nemamiriro adzakanyorerwa(context)—pamwe vachitora hafu yendima imwe chete kuti vatsigire pfungwa dzavo, kunyange zvazvo chikamu chasara chingaratidza kuti zvinoreva zvakasiyana zvachose. Vachishandisa hunyengeri hwenyoka, vanovanda shure kwemashoko akatorwa ari ega, vachiafananidza nezvido zvavo zvenyama. Nenzira iyi, vazhinji vanokanganisa Shoko raMwari nemaune. Vamwe, vane fungidziro dzakasimba, vanotora mifananidzo nezviratidzo zvinowanikwa muMagwaro Matsvene, vachizvidudzira nenzira inofadza ivo pachavo, vasinganyatsoteereri kuti Magwaro anozvidudzira sei, vozopa pfungwa dzavo idzi sedzidziso dzeBhaibheri.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (The Great Controversy, p. 521)

TSVAGA ZVINOREVA CHINYORWA CHACHO



" 'Akati kwaari. 'Pamurairo pakanyorweiko? Unorava sei?' " (Ruka 10:26)



MaKristu vose vanofanira kunzwisisa Bhaibheri ivo pachavo. Bhaibheri rakajeka zvakakwana zvokuti vanhu vose vanogona kunzwisisa nzira yeruponeso, asi panguva imwe chete, rakaoma zvakakwana kuti rirambe richipa dambudziko rekufunga kunyange kune vanhu vane njere dzakadzama zvikuru. Magwaro ipfuma isingaperi yeruzivo runounza ruponeso, iyo isingambogoni kupera kana kuongororwa zvizere.

Asi kududzirwa kwese kwakarurama kwemavhesi eBhaibheri kunofanira kutevedzera mitemo iyi:

- Tinofanira kunzwisisa mashoko echinyorwa chacho (kana zvichiita, tichishandisa mitauro yepakutanga kana shanduro dzakasiyana-siyana)
- Remekedza ese mamiriro echinyorwa (nhoroondo, tsika uye zvinyorwa)
- Enzanisa nezvikamu zvakafanana (zvakadai semaEvhangeri), kana zvikamu zvinobata nenyaya imwe chete
- Dudziro yekupedzisira inofanira kuenderana nedzidziso yezvimwe zvikamu zveBhaibheri.

KUDZIDZA BHAIBHERI MAERERANO NEDINGINDIRA

"Ipapo akatanga kunaMosesi navaprofita vose, akavadudzira zakanyorwa pamsoro pake muMagwaro ose." (Ruka 24:27)



Ku muKristu, kudzidza Bhaibheri hakusi chinhu chekusarudza. Tinofanira kuramba tichikura mukuziva kuda kwaMwari, tichibvumira Mweya Mutsvene kuti atitungamirire patinodzidza Shoko Rake(Johani 16:13).



Pamusoro pezvo, tinofanira "kugara takazigadzira kupindura mumnje nomumnje unotibvunza pamsoro petariro iri mukati medu" (1P 3:15).



Kudzidza Bhaibheri tichitarisa misoro yenyaya dzakasiyana-siyana kuchatigonesa kugovera shoko kune vamwe, kungave kuburikidza nekuitisa zvidzidzo zveBhaibheri kana kuparidza Shoko.



Zvakakoshawo kuchengetedza mafungiro ekuzvininipisa kuitira kuti tikwanise kubatsirwa neruzivo rweBhaibheri rwevamwe vanhu, avo vatinogona kudzidza kubva kwavari.


Kunyange zvazvo tisingazivi zvose zvakataurwa, tinoziva kuti Jesu akadzidzisa vanhu vaviri Bhaibheri maererano nebasa rake saMesiya, achishandisa ndima dzakasiyana-siyana dzeBhaibheri(Rk. 24:25-27).

“Zvimwe zvikamu zveMagwaro zvakajeka zvikuru zvekuti hazvigoni kunzwisiswa zvisizvo; asi kune zvimwe zvinoda kunyatsoongororwa kuti zvinzwisiswe, kwete kungotarisa chete. Magwaro anofanira kuenzaniswa nemamwe Magwaro; panodiwa tsvakurudzo yakadzama nekufungisisa kwakadzama. Uye kudzidza kwakadaro kuchapa mubairo mukuru. Semucheri wemugodhi anowana mitsara yesimbi inokosha yakavanzwa pasi pevhu, ndizvo zvichaitikawo kune uyo anotsvaga Shoko raMwari nesimba nekutsungirira—kunge ari kutsvaga pfuma yakavanzwa—achawana chokwadi chakakosha zvikuru, icho chakavanzwa kubva pameso evaya vanotsvaga vasina hanya.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Our High Calling, July 18)

APPENDIX: INTERPRETING THE TEXTS OF ELLEN G. WHITE

When studying the writings of Ellen G. White, we must follow the same guidelines as when studying biblical texts.




Statements such as "The money expended in bicycles and dress and other needless things must be accounted for." (TM 398), must be understood in the historical context (the price of a bicycle in 1890 was equivalent to several months' salary).



EGW WRITINGS®
WHITEESTATE.ORG | ELLENWHITE.ORG

Using isolated paragraphs out of their literary context makes Ellen say what she never meant to say, or defend a doctrinal point contrary to what she believed and taught.

Before reaching a conclusion, we must study everything she taught on a specific topic, and not just rely on a few quotes.



On the other hand, we must ask ourselves: Did she really write what I'm being told? Always verify that the quote is real and accurate (use the official website https://egwwritings.org/).